

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta prosés anu dirancang pikeun ngajawab jeung ngajéntrékeun masalah-masalah panalungtikan. Desain panalungtikan anu bakal dipaké dina ieu panalungtikan nya éta 1) nangtukeun masalah, 2) studi pendahuluan, 3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, 4) ngarumuskeun anggapan dasar, 5) nangtukeun sumber data, 6) nangtukeun jeung nyusun instrumén, 7) ngumpulkeun data, 8) nganalisis data, 9) nyieun kacindekan, jeung 10) nyusun laporan (Arikunto, 2010: 62).

3.2 Méthode Panalungtikan

Méthode nya éta padika atawa cara (*KUBS*: 291). Dina hal ieu padika pikeun ngungkulan pasu'alan panalungtikan. Méthode déskriptif nya éta méthode pikeun ngungkulan pasu'alan anu aktual ku cara ngumpulkeun, nyusun papasingan, analisis data, jeung napsirkeun data (Surachman dina Kurniawan, 1996: 38).

Méthode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun kaayaan atawa kajadian nu keur disanghareupan. Ku kituna ieu panalungtikan ngagunakeun méthode déskriptif nu digunakeun pikeun nganalisis jeung nafsirkeun data. Ku dipakéna ieu méthode dipiharep sangkan bisa ngahontal tujuan panalungtikan.

3.3 Wangenan Operasional

Ieu panalungtikan dijudulan “Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka”. Sangkan leuwih jéntré, dipedar harti dumasar kecapna. Di antarana:

1. Transliterasi: nya éta ngaganti aksara ku aksara séjén tanpa ngarobah basa jeung hartina.

2. Ajén: nya éta hal anu tumali jeung kasang tukang, karep, jeung karesep, anu ngalantarankeun manusa lumaku saluyu jeung kaayaan masarakat anu tangtu.
3. Kaagamaan: nya éta hal-hal anu aya patalina jeung agama.
4. Naskah: mangrupa wujud konkret tina hiji tulisan leungeun anu diwangun ku sababaraha komponen bahan tulisan, sarta basa anu mibanda téks Lubis, dkk. (2011: 186).
5. Wawacan: nya éta hikayat anu ditulis dina wangun puisi nu disebut dangding.
6. Suluk: sastra kitab élmu tasaup.
7. Pandita: nya éta jalma anu ninggalkeun kadunyaan supaya bisa jongjon ibadah.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina panalungtikan kualitatif nya éta jalma anu nalungtik (*human instrumént*) (Sugiyono, 2012: 306). Sanggeus ngarumuskeun masalah panalungtikan, instrumén panalungtikan anu digunakeun nya éta triangulasi (gabungan) mangrupapedoman wawancara, jeung tala'ahpustaka.

1) Pedoman wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun meunangkeun informasi ngeunaan naskah wawacan ti *pustakawan* di museum Geusan Ulun Sumedang. Wawancara dilaksanakeun kalayan ngagunakeun patokan anu geus disusun ti tanggalna (*wawancara terstruktur*), mangrupa daftar pertanyaan anu disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan. Pertanyaan-pertanyaan anu digunakeun dina lambar wawancara di antarana:

PEDOMAN WAWANCARA

1. Ti saha pihak museum ngéngingkeun naskah “Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka”?

2. Kumaha carana (pihak museum) ngéngingkeun ieu naskah? Naha kénging ngagaleuh, dilironan ku barang, atanapi aya nu ngahibahkeun ka pihak museum?
3. Iraha ieu naskah katampina ku pihak museum?
4. Ku saha katampina ieu naskah?
5. Ieu naskah tiasa dianggo atanapi ditambutkeun ka masarakat umum atanapi henteu? Naon alesanana?
6. Sok dianggo dina acara naon ieu naskah?
7. Saha nu nulis ieu naskah?

Sakumaha pamadegan Sugiyono (2012: 328) sangkan hasil wawancarana nyugemakeun, mangka kudu ngagunakeun sababaraha alat.

- a. Buku catetan: pikeun nyatetkeun data/hasil wawancara.
- b. Alat perekam: dina hal ieu panalungtik ngagunakeun *Hand phone*.
- c. Kaméra: salaku bukti nalika panalungtik ngawawancara informan.

2) Tala'ah Pustaka

Tala'ah pustaka digunakeun pikeun meunangkeun informasi tina buku-buku salaku bahan/sumber bacaan.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Cara pikeun ngumpulkeun data kacida pentingna dina panalungtikan. Lantaran tujuan tina panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun data. Téknik pengumpulan data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta studi lapangan, studi pustaka, wawancara (*interview*), jeung dokuméntasi.

- 1) Studi lapangan digunakeun pikeun néangan sarta meunangkeun naskah.
- 2) Studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara nala'ah sababaraha pustaka anu tumali jeung garapan panalungtikan.
- 3) Wawancara dilaksanakeun pikeun ngalengkepan data.

3.6 Téhnik Ngolah Data

Dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan, dilaksanakeun analisis data. Waktuna saméméh panalungtikan, salila panalungtikan, jeung sanggeus panalungtikan. Sakumaha pamadegan Bogdan dina Sugiyono (2012: 334) yén analisis data nya éta prosés néangan sarta nyusun data anu dicangking ti lapangan kalayan sistematis, babari dipikaharti, sarta naon-naon anu kapanggih salila panalungtikan bisa ditepikeun ka jalma séjénna.

3.7 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Tahapan atawa léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan nya éta tatahar, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyusun laporan panalungtikan.

A. Léngkah Tatahar

Léngkah-léngkah dina tatahar di antarana:

1. Ulikan pustaka;
2. Ngajukeun judul panalungtikan;
3. Nyusun rarancang panalungtikan;
4. Konsultasi ka dosén pangaping.

B. Léngkah Ngumpulkeun Data

Sawatara léngkah pikeun ngumpulkeun data di antarana:

1. Ngumpulkeun sawatara bahan anu tumali jeung panalungtikan;
2. Maca naskah “Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka” kalayan gembheng, buku-buku ngeunaan naskah, sastra, buku-buku agama Islam, buku-buku tasaup jeung buku ngeunaan téori filologi;
3. Ngayakeun konsultasi jeung dosén pangaping.

C. Léngkah Ngolah Data

Sanggeus bérés ngumpulkeun data, léngkah saterusna nya éta ngolah data. Salah sahiji tahap anu penting pikeun meunangkeun data

1. Niténan data anu geus dikumpulkeun;
2. Ngadéskripsikeun naskah “Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka”;
3. Nyusun transliterasi naskah “Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka”;
4. Nganalisis naskah “Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka” dumasar ka na ajén kaagamaanana;
5. Nyindekkeun naskah anu geus diolah;
6. Nafsirkeun data anu geus diolah.

D. Léngkah Nyusun Panalungtikan

Nyusun laporan panalungtikan mangrupa tahapan atawa léngkah anu pamungkas dina ieu panalungtikan. Hasil panalungtikan ngeunaan transliterasi jeung ajén kaagamaan dina naskah wawacan disusun kalayan sistematis dina wangun ieu skripsi.